Ómirbektiń bir kózi soqır bolıptı. Bir kúnleri qaladan qaytıp kiyatırıp, ıssıǵa shıdamay shóllepti. Suw iship shıǵayın dep bir baydıń úyine kiripti. Kirip barsa, tórde bir kelinshek, eki qız sharıq iyirip otır eken. Ómirbek esik betinde otırıptı. Kelinshek ornınan turıp, Ómirbektiń bir kózi soqır ekenin kórip:

- Ata, biziń atam qalaǵa bir kózi soqır ógiz alıp ketip edi, satqan-satpaǵanın bildińiz be? – depti Ómirbekti ermeklep.

Sonda Ómirbek:

- Aqırbazar bir barǵanımda bir kisi bir kózi soqır ógizdi bir qashar, eki baspaqqa bermey turıp edi,- depti.

Kelinshek sózden utılıp, Ómirbekke sháay qaynatıp beriptı.

Demek, júyeli sózler sıyaqlı laplarda da házir improvizatorlıq penen jeńil kúlki boladı. Sonda, lap sózlerdiń tiykarǵı janrlıq ózgesheliginiń biri ondaǵı aytılıp atırǵan adamlar, janlı-jansız nárseler, túrli qubılıs hám waqıyalar haqıyqatlıqtan qashıqlıǵında kórinedi.

Laplar lapgóyler tárepinen improvizaciyalıq usıllar arqalı dóretilip, xalqımızdıń mádeniy turmısında túrli hádiyseler haqqında giperbolalıq asıra súwretlewler arqalı dóretilip kelingen. Hárqanday aytılǵan lap sóz júyeli tiykarǵa iye boladı. Sonlıqtan da laplarda turmıslıq faktorlar menen bayıtılǵanlıǵı, kólemi, syujet-kompoziciyası, ideya-tematikası, dóretiliw hám atqarılıwı, improvizaciyalıq dástúri boyınsha júyeli sózlerge jaqın keledi [3:58]. Laplardıń qaharmanları ápiwayı puqaralar, turmıslıq predmetler, hádiyseler, belgili bir waqıyalar yamasa zatlar hám t.b. janlı-jansız buyımlar bolıp tabıladı. Onda waqıyalar bastan-ayaq lap túrinde súwretlenedi.

Esitkendi jalıqtırmaytuǵın laplar xalıqlıq ápiwayı til menen, ápiwayı sózler menen aytılıp, onıń mazmunı insandı oylawǵa, pikirlewge iytermeleydi. Átiraptaǵı dúnyanıń haqıyqatlıqların ańlawǵa baǵdarlaydı. Xalıq bar jerde usınday sóz óneri háreket etip bayıp baradı. Búgingi kúni el ishinde laplardıń da zamanagóy turmısqa maslastırılǵan halda payda bolǵan túrleri ushırasadı.

Lap janrı hám onıń atqarıwshıları bolǵan lapgóylerdiń maqseti adamlarǵa oy salıw, durıs pikirlewdiń áhmiyetin dálillew, dógeregindegi bolıp atırǵan waqıyalarǵa isenim tuyǵılarınıń bekkemleniwdi támiyinlew bolıp tabıladı. Olar tutası menen giperbolizmge, fantaziyaǵa oǵada bay boladı. Laplar tásirinde haqıyqatlıqtıń qádir-qımbatı bahalanadı. Laplar baspasóz betlerinde az da bolsa járiyalanıp kiyatırsa da, arnawlı túrde járiyalanbaǵan. Házirgi ádebiy proceste, kórkem-estetikalıq muzıkalı shou, teatrlastırılǵan yumorlıq-satiralıq (intermediya, saxnalıq kórinis, «Sawǵa», «Quwnaqlar hám ziyrekler» show baǵdarlamalarında) saxnalastırılǵan shıǵarmalarda, sonıń menen birge geypara jaǵdaylarda bunday lap sózlerdi jol jónekey avtobuslarda, otırıspalarda, toy-merekelerde esitip, tıńlap hám kórip júrmiz.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq folklorınıń ájayıp úlgileriniń biri bolǵan laplardı xalıq arasınan jıynap, hár tárepleme úyreniw folklortanıw ilimindegi áhmiyetli máselelerden esaplanadı.

**Ádebiyatlar**

1. Paxratdinov Yu. Ómirbek laqqı hám yumor satira máselesine. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1990.
2. Maqsetov Q., Tájimuratov Á. «Qaraqalpaq folklorı, -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1979.
3. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri. -Nókis: «Bilim», 1996, 136-137-b.
4. Paxratdinov Á., Allambergenov K. «Qaraqalpaq ádebiyatınıń saǵaları», /«Erkin Qaraqalpaqstan» , 13-yanvar 2009, №6 (18688).
5. Ruzimbetov S., Ruwzimbetov H. Folklor atamalari qisqacha luǵati. –Urganch: «UrDU», 2007.

**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq folklorida oʻrganishni kutayotgan asosiy janrlardan biri loflar haqida keng tarzda ilmiy fikrlar bildirilgan. Shuningdek, folklordagi lof janrining badiiy xususiyatlari ilmiy-nazariy asosda maxsus tarzda oʻrganib chiqildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлен широкий спектр научных мнений о лапах — одном из основных жанров каракалпакского фольклора, требующем изучения. Также на специальной научно-теоретической основе изучались художественные особенности жанра сказки.

**SUMMARY.** The article presents a wide range of scientific opinions on paws, one of the main genres of Karakalpak folklore that requires study. Also, on a special scientific and theoretical basis, the artistic features of the fairy tale genre were studied.

## ӨТЕШ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ШАЙЫРЛАР ОБРАЗЫНЫҢ ЖАСАЛЫЎЫ

**Б.А.Давлетов** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** шеър, образ, жанр, маҳорат, эстетик идеал, шоир, услуб, таъриф, талант.
**Ключевые слова:** песня, образ, жанр, мастерство, эстетический идеал, поэт, стиль, определение, талант,
**Key words:** poem, image, genre, skill, aesthetic ideal, poet, style, definition, talent.

**Кирисиў.** Ҳәр қандай әдебий шығармада орайлық орында көркем образ сүўретленеди. Себеби көркем әдебиятта жазыўшы яки шайырдың көзқарасы, ўақыяны аңлаўы, эстетикалық идеалы сыяқлы бир қатар категорияларды олардың дөреткен образлары арқалы көз алдымызға келтириўимиз мүмкин.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология**. «Образ» деп инсанлардың ишки ҳәм сыртқы дүньясын, ўақыя-ҳәдийселердиң, өсимлик ҳәм жәниўарлардың, тәбият көринислериниң улыўмаластырып ҳәм конкертлестирип сүўретленген, белгили идеялық эстетикалық ўазыйпаны орынлайтуғын картинасына айтылады» [1:42]. «Көркем образ дегенде, барлықтың дөретиўши көзи менен көрилген ҳәм идеал тийкарында дөретиўшилик пенен қайта исленген көринис тәрийпленеди» [2:43]. «Образдың эстетикалық мәниси сонда, онда инсан идеалының анық көринис сәўлеленеди» [3:46].

Изертлеўдиң жүзеге келиўинде көркем-эстетикалық, биографиялық талқы методларынан пайдаланылды.

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** Өтеш дөретиўшилигинде көркем образ жаратыўдың ең жақсы үлгилери көзге тасланады. Әсиресе, өз қосықларында Жийен, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ сыяқлы өзинен алдын жасаған ҳәм өзи менен заманлас болған шайырлар образын дөретиўи оннан айрықша шеберликти талап етеди. Шайырдың «Өтти дүньядан». «Бердақ бақсыға жуўап» қосықларында шайыр өзи жасаған дәўирдеги қарақалпақ халқының тарийхы ҳәм жәмийетлик турмысын терең сәўлелендирген. Илимпаз А.Каримов Өтештиң бул қосықларын «…көлеми жағынан поэмаға жақын шығармалар» қатарына киргизеди» [5:8].

Өтеш шайырдың «Өтти дүньядан» қосығы жети бөлимнен турады. Қосықтың екинши бөлиминде Жийен, төртинши бөлиминде Күнхожа, бесинши бөлиминде Әжинияз, алтыншы бөлиминде Бердақ шайырлар туўралы кең түрде мағлыўматлар бериледи.

Қосықтың биринши бөлиминде, қарақалпақ халқының ноғайлы ҳәм Түркистаннан көшиў дәўириндеги тарийхы, усы дәўирлер ҳаққынла шежирелерди үйренгенлигин ҳәм сол арқалы тарийхый мағлыўматлар келтирип отырғанлығын баянлайды. Мысалы:

Қарақалпақ өз журтынан бүлгенде,
Ҳарып-шаршап жолда бираз өлгенде,
Едилден айланып еңиреп бүлгенде,
Түркистанда бабам өтти дүньядан.
Оны Өтеш шежиреден көрмишлер,
Соның аз-кем пирин айтып бермишлер… [4:92].

Қосықтың екинши бөлими Жийен жыраў ҳаққында баҳалы мағлыўматлар береди.

«Жийен бабам сол заманда ер болды…» [5:84], – деп басланған қатарынан биз, Өтеш шайырдың Жийен жыраўдың ақлығы екенлигин аңлаймыз. Бул ҳаққында илимпаз А.Пирназаров былай жазады: «Бабам» деген сөз, әкесиниң әкесин аңлатады. Сонда Жийен Алшынбайдың әкеси болып есапланады. Ал, Алшынбай Өтештиң әкеси» [6:110]. Өтеш шайыр Жийен бабасын төмендегише тәрийплейди:

Қобыз бенен ҳәм дуўтарды ол шерткен,
Сөзи менен душпанларды қул еткен,
Айтқан сөзи адамзатты ериткен,
Қарақалпақта Жийен өтти дүньядан. [5:84-85].

Ямаса:

Сөзге келсе жоқ жеринен таўдырып,
Көпти өзине алар еди аўдарып,
Едигени айтса күнлер жаўдырып,
Қарақалпақта Жийен өтти дүньядан. [5:85].

Бунда Жийенниң өз дәўиринде көркем сөзде ҳәм саз шертиўде шешенлиги ҳәм шеберлиги, «Алпамыс», «Едиге», «Қоблан» сыяқлы дәстанларды жырлағанда халықты өзине қарата алатуғын талант ийеси болғанлығы, ҳәттеки, шешенликте Жийреншеден өтетуғынлығы образлы түрде тәрийплеп көрсетиледи. Мысалы:

Тилге келсе Жийреншеден өтирди,
Душпан емес достың кеўлин питирди... [5:85].

Мийнеткеш халықтың муңын муңлап, жырын жырлағанлығы, ҳадал мийнет етиў халықтың алдындағы азаматлық парыз екенлиги айрықша жырланған. Мысалы:

Қарсы болды патшаларға қайтпастан,
Айрылған соң ата мәкан қоныстан… [5:85].

Жийенниң неше жаста қайтыс болғанлығы жөнинде де анық мағлыўмат келтирип өтеди:

Өлди Жийен елиўде төрт жасында,
Әрман менен бабам өтти дүньядан [5:86].

Қосықтың Күнхожаға арналған бөлиминде, Өтеш Күнхожаның шайыршылықта кеңнен танылған, түр-түси, сын-сымбатын, өзи менен тиллескенин, жетпис жетиге келгенде қайтыс болғанлығын сөз етеди. Мысалы:

Күнхожаны бурын көрдим досларым,
Сонда мениң сорап еди жасларым,
Өлди деди қатты мениң басларым,
Әрман менен Күнхожа өтти дүньядан.

Мен көргенде буўрыл еди сақалы… [5:88].

Мақтымқулынын устаз тутқан Күнхожаның өзи де көпшилик шайырларға устаз болғанлығын еске алып, өз заманын реал жырлаған реалист шайыр екенлигин атап өтеди.

Әжинияздың зийрек, билимли, илимли, талантлы шайыр болғанлығын, Күнхожаның изин басқан көркем сөз зергери екенлигин төменлдегише тәрийплейди:

Буның кейнин басқан Әжинияз болды,
Отырған жеринде улама толды,
Қазақ, қарақалпақта мереке қылды,
Өзбекке ҳәм бирдей өтти дүньядан. [5:88-89].

Қосықта Әжинияздың тек қарақалпақ халқы арасында ғана емес, туўысқан өзбек, қазақ халықлары арасында да кең танылғанлығын атап қорсеткен.

Бердақ шайырға арналған бөлими алдыңғы бөлимлерге қарағанда көлемли жазылған. Өзиниң заманласы болған Бердақ шайырды төмендегише тәрийплейди:

Бердақ еди шайырлардың данасы,
Сөзине ийилди адам баласы,
Бердақ деп қуўанар халықтың арасы,
Ол да қосық айтып өтти дүньядан [5:89].

Бердақтың шайырлық талантын, бақсышылық өнерин, оның кең жәмийетшиликтеги орнын, басқа шайырлардан өзгешелигин, қәдир-қымбатын, халықлық көзқарасларын айрықша шеберлик пенен сүўретлейди. Мысалы:

Сөзге дәрья, бақсылыққа зор еди,
Тилге шешен, мың адамға тай еди,
Ойлағаны аш халықтың ғамы еди,
Әрман менен бул да өтти дүньядан [5:90].

Бердақ шайырдың Өтеш пенен теңлес екенлигин, ҳәзил-дәлкеги жарасқан жолдас болғанлығын төмендеги қатарлардан аңлаў мүмкин:

Мен қартайдым «Өтеш жора» дегенде,
Дәлкек етип едим паный дүньяда. [5:93].

Бердақ қайтыс болғанда пүткил халқымыз, қарақалпақ елиниң қыйналғанын, мерекесине көпшилик қатнасқанын төмендегише сөз етеди:

Бердақ өлди, қарақалпақ қыйналды,
Көп қайғырып, ҳам де қайғыда қалды,
Намазына еситкенлер жыйналды,
Әрман менен Бердақ өтти дүньядан [5:91].

Қосықтың кейинги бөлими Өтеш шайырдың өзине арналған. Мысалы:

Жийен, Бердақ, Күнхожа ҳәм Әжинияз,
Солардың тәрийпин Өтеш сен бир жаз,
Дүньяда өмирде булар сүрди аз,
Әрман менен мен де өтермен дүньядан [5:94].

Демек, шығармаларынан мәлим болғанындай, Өтеш шайырдың өз дәўириниң ең алдыңғы қатардағы саўатлы адамларынан екенлигин аңлаймыз.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, Өтеш шайыр өз дәўириниң талантлы шайыры. Образ дөретиўде, әсиресе, шайырлар образын жасаўда өзине тән стильлик өзгешеликке ийе. Шайырдың бийбаҳа мийрасларын тереңнен таллап үйрениў – жаслар ушын оғада әҳмийетли ғәзийне саналады.

**Әдебиятлар**


1. Шукуров Н., Ҳотамов Н., Холматов Ш., Маҳмудов М. Адабиётшуносликка кириш. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1979. 232-б.
2. Қуронов Д., Мамажонов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. – Тошкент: «Akademnashr», 2013. 408-б.
3. Тимофеев Л. Теория литературы. – М.: «Учпедгиз», 1946. – С.46.
4. Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. (Баспаға таярлаған: А.Каримов). –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1978. 104-б.
5. Ótesh shayır. Yańlıdı. Tańlamalı shıǵarmaları. – Nókis: «Qaraqalpaqstan». 2023. 96-b.
6. Пирназаров А. Қарақалпақ әдебиятында гейпара ойлар. –Нөкис: «Билим», 1991. 216-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада XIX аср қорақалпоқ лирикаси вакили Ўтешнинг бадиий асарлари таҳлил қилинган. Шоир асарларида бадиий образ яратиш хусусиятлари асар матнлари мисолида ўрганилган. Қўшиқларида Жийен, Кунхожа, Ажиниёз, Бердақ шоирларнинг образининг тасвирланиши очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется творчество Отеша, представителя каракалпакского лирика XIX века. Особенности создания художественного образа в творчестве поэта изучаются на примере текстов произведения. В его песнях раскрывается описание образа поэтов Джиена, Кунходжи, Аджинияза, Бердаха.

**SUMMARY.** The article analyzes the artistic works of the representative of the Karakalpak lyricism of the 19th century, Utesh. The features of creating an artistic image in the poet's works are studied using the example of the texts of the work. The description of the images of the poets Jiyen, Kunhozha, Ajinyoz, Berdak in his songs is revealed.


## Sh.SEYTOV PROZASÍNDAǴÍ KÓRKEMLIK IZLENISLER


**N.Jawlıbaeva –** *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** proza, mahorat, badiiylik, uslub, povest, sujet, peyzaj, detal.

**Ключевые слова:** проза, мастерство, артистизм, стиль, повествование, сюжет, пейзаж, деталь.

**Key words:** prose, skill, artistry, style, narrative, plot, landscape, detail.


**Kirisiw.** Shawdırbay Seytov XX ásir qaraqalpaq ádebiyatına 60-jıllarda shayır sıpatında kirip kelgeni menen, 60-jıllardıń ortalarınan baslap keń epikalıq polotnadaǵı kúshli lirik-psixolog jazıwshı sıpatında keńnen tanıla basladı. Jazıwshınıń ózi kórsetkenindey, ol gúrriń mektebinen ótpey, usı kishi prozanıń sheberlik sırların syujetli qosıqlar jazıw arqalı iyeledi [1]. Sonlıqtan da Sh.Seytov poeziyasındaǵı kórkemlik izlenislerdiń haqıyqıy juwmaq kórinisleri onıń prozasında óz sáwleleniwin taptı, yaǵnıy aytqanda syujetli qosıqlar Sh.Seytov prozasınıń dáslepki ideyalıq-estetikalıq derekleri bolıp xızmet etti. Bunı biz onıń prozasındaǵı kórkemlik izlenislerden ayqın kóriwimizge boladı.

**Tiykarǵı bólim.** Sh.Seytov prozasındaǵı kórkemlik izlenisler máselesi kópten berli ádebiyatshılarımızdıń dıqqatın ózine tartıp kelmekte. Bul másele átirapında M.Nurmuxammedov, Q.Maqsetov, S.Bahadırova, K.Mambetov, K.Allambergenov, J.Esenovlar birqatar pikirler bildirip ótti. Mısalı, M.K.Nurmuxammedov óziniń «Házirgi qaraqalpaq prozasınıń geypara aktual problemaları» degen maqalasında: «Sh.Seytovtıń «Kóp edi ketken tırnalar» povesti búgingi qaraqalpaq prozasındaǵı xarakterli qubılıslardıń biri bolıp tabıladı. Bizińshe, bul xarakterlik turmıs haqıyqatlıǵın liro-psixologiyalıq jaqtan súwretlewden ibarat» [2] – dep kórsetedi. Al, usı povest boyınsha pikir bildirgen Q.Maqsetov «adam keypin, dáwir ruwxın tábiyat kórinislerine baylanıstırıp súwretlewde de shıǵarmada kewil awdararlıq orınlar kóp» [3] dep durıs kórsetip ótedi. Durısında, da bul povestte qaharman xarakteri kóbinese peyzajlıq detallar arqalı ashıladı. Bul shıǵarmada qollanılǵan peyzajlıq detallar qaharman xarakterin ashıwda lirizmge qosa, onda tereń oylılıqtı kúsheytken. Ádebiyatshı ilimpaz V.Voronovtıń durıs kórsetkenidey, shıǵarmadaǵı tereń oylılıq kórkem psixologizm principiniń eń baslı belgileriniń biri.

Sh.Seytovtıń shıǵarmasındaǵı simvolikalıq peyzajlıq detallar milliy kórkem tradiciyalarımızdaǵı xalqımızdıń ózinshe kórkemlik tanımı milliy xarakter, milliy kalorit penen baylanıslı. Sebebi, povestlerindegi peyzajlarǵa baylanıslı simvolikalıq obrazlar (dawıl, bult, qıs, jaz, jawın hám taǵı da basqalar) qaraqalpaq klassik poeziyasında ásirese Berdaq, Gúlmurat shayırlardıń shıǵarmalarında sheber qollanıladı. Sh.Seytov usınday milliy tradiciyalardı házirgi kórkem prozanıń úlgileri menen sheber baylanıstıra alǵan. Jazıwshınıń milliy tradiciyalarǵa qatnasındaǵı jańashıllıǵı hám sheberligi de usınnan kórinedi [4:83-86].

J.Esenovtıń «Sheberliktiń sırları» izertlewinde, elesletiw, tús kóriw sıyaqlı gallyucinaciyalıq procesler arqalı da qaharman psixologiyası ashılıp otıradı. Bul usıl folklorlıq úlgilerden baslap házirgi kúngi jazıwshılarmızdıń shıǵarmalarında da qollanılıp júrgen tradiciyalıq forma bolıp esaplanadı. Gallyucinaciyalıq procesti psixologiyalıq analizlew usılı sıpatında P.M.Dostoevskiy de sheber qollanǵan. Biraq, óz shıǵarmalarında P.Dostoevskiy tús kóriw, elesletiw sıyaqlı gallyucinaciyalıq proceslerdi qaharmanlardıń sanasındaǵı psixologiyalıq awırıw sıpatında ótkirlestirip tragediyalıq planda súwretleydi. Jazıwshı ózi bul tuwralı: «…галюцинация есть премущественное явление болезненное» dep jazadı.